

## Projè Evanjelizasyon ak Etid Biblik (PEEB)

[www.biblepeeb.com](http://www.biblepeeb.com) | 813-504-3356 / Gulf-breeze, Florid, Etazini | [admin@biblepeeb.com](mailto:admin@biblepeeb.com)

### Modòd Administratif (MAD) pou Reyalizasyon Aktivite PEEB yo

Dat: 20 Novanm 2022 / v1

De: Biwo Koòdinasyon Jeneral

A: Tout Biwo ak Ministè yo

Nan optik pou fasilite inifòmite aktivite PEEB yo tout kote epí pou evite anilasyon ki pa nesèsè yo, KJ la pibliye modòd sa pou sèvi kòm baz tout desizyon ki konsène aktivite yo k'ap pran nan chak Biwo oubyen Ministè.

#### Sèksyon 1 – Kreyasyon Aktivite yo

Chak Biwo/Ministè pran desizyon k'ap pèmèt yo rive nan objèktif Koòdinasyon Jeneral la fikse pou yo chak la. Chak Dirèktè/Pòt-Pawòl pote rèponsablite ak otorite sou tout desizyon ak aktivite biwo oubyen ministè li an. Tout manb biwo oubyen ministè a dwe rann kont a Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl li an konsènan aktivite ke li bay moun sa rèsponsab yo. Chak manb dwe fè sa nan imilite pou nou ka sanble avèk Jezi-Kris tout bon.

Tout manb biwo oubyen ministè a dwe ranpli fonksyon yo volontèman avèk angouman pou pèmèt ke Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl la jwenn tout enfòmasyon ki nesèsè pou li rive pran bon desizyon pou siksè biwo/ministè a. Pa bliye ke nan chak biwo/ministè, se swa nou fè siksè ansanm oubyen nou echwe ansanm. Pa gen pèsonn

ki pa mele nan siksè yon biwo/ministè, konsa tou pa gen pèsonn ka di ke li pa mele nan echèk biwo/ministè li an nonplis. Lè chak moun deside fè travay yo byen, sa reflekte bèl sou biwo/ministè a. Sa se bèl glwa pou Bondye ke nou tout renmen anpil la, men tou se felisitasyon pou nou chak (Matye 25 : 21).

- Chak Dirèktè/Pòt-Pawòl rèsponsab planifikasyon tout aktivite biwo oubyen ministè a epi pibliye yon orè aktivite lè sa nesesè. Sepandan si li deside sa, li ka delege rèsponsablite sa a Delege Nasyonal la sèlman (si pozisyon sa ranpli deja).
- Chak Delege Nasyonal pote rèsponsablite pou tout aktivite biwo/ministè a sou tout tèritwa peyi ki anba jiridiksyon li an. Kidonk, chak Delege Nasyonal rèsponsab pou kolèkte tout enfòmasyon ke Dirèktè/Pòt-Pawòl li an bezwen pou pèmèt li kreye plan aktivite pou biwo/ministè sa byen. Answit, chak Delege Nasyonal dwe asiste Dirèktè/Pòt-Pawòl la nan kreyasyon plan ak orè aktivite yo pa mwayen konsèy li yo.

## Sèksyon 2 ~ Planifikasyon & Reyalizasyon Aktivite yo

Nou te wè ke Dirèktè/Pòt-Pawòl la avèk asistans Delege Nasyonal li an rèsponsab pou detèmine aktivite ke biwo/ministè a pwal antreprann. Lè desizyon sa final, se rèsponsablite Delege Depatmantal ak Delege Kominal yo pou kòmanse demach pou planifikasyon ak reyalizasyon chak aktivite sa yo. Pandan y'ap travay ansanm, chak Delege Depatmantal dwe toujou jwe yon wòl sipèvizyon sou Delege Kominal li yo men se Delege Kominal yo menm ki prensipalman rèsponsab tout travay tèren pou rann planifikasyon ak reyalizasyon aktivite yo posib.

Chak fwa yon Delege Kominal poko nome nan yon komin, oubyen Delege Kominal sa malad, anpeche, oubyen dèstitiye, Delege Depatmantal li an otomatikman gen rèsponsablite pou pran tout chaj Delege Kominal sa jiskaske yonn nome oubyen li retounen nan sèvis. Si menm sitiyasyon an prezante pou yon Delege Depatmantal

tou, Delege Nasyonal ki konsène a dwe pran larelev imedyatman pou asire siksè aktivite yo.

**NB** : nan chak biwo/ministè respèktivman :

- chak **Delege Nasyonal** responsab pou asire ke tout **Delege Depatmantal** nan peyi ki anba jiridiksyon li an konprann responsablite yo trè byen. Answit, li responsab pou sipèvize si y'ap dechaje responsablite sa yo byen tou.
- chak **Delege Depatmantal** responsab pou asire ke tout **Delege Kominal** nan depatman ki anba jiridiksyon li an konprann responsablite yo trè byen. Answit, li responsab pou sipèvize si y'ap dechaje responsablite sa yo byen tou.

### Sèksyon 3 – Anilasyon Aktivite yo

Aprè ke yon aktivite ofisyalize, desizyon anilasyon li ka soti nan 3 sous otorite :

1. Bondye
2. Koòdinasyon Jeneral la
3. Biwo ak/oubyen Ministè ki gen jiridiksyon sou aktivite sa

**Bondye** : Nenpòt lè Bondye bay lòd klè pou yon aktivite pa reyalize oubyen pa kontinye, yon desizyon pou anilasyon aktivite sa dwe pran imedyatman ke responsab yo konvenk ke se vwa Bondye ki pale a vrèman. Lòd Bondye ka rive sou fòm rèv, vizyon, komisyon, profesè, konviksyon nan lèspwi responsab la, etc.. Answit, responsab la dwe rapòte anilasyon an ak rezon desizyon an a antèt yo.

**Koòdonatè Jeneral la** : a nenpòt moman, KJ la ka bay lòd pou pòz tanporè oubyen anilasyon pèmanan yon aktivite. Sa ka rive ke lòd sa akonpanye avèk yon jistifikasyon, konsa tou li ka pa akonpanye avèk piblikasyon yon jistifikasyon si KJ la jije ke rezon an trè sansib.

**Biwo ak/oubyen Ministè ki gen jiridiksyon sou aktivite sa :** men rezon ki ka mennen desizyon pou rèsponsab yon aktivite anile aktivite sa. Mo « rèsponsab » nan ka sa fè referans a nenpòt moun ki gen chaj reyalizasyon yon aktivite tankou delege kominal yo, pa egzanp.

- LÒD LETA/KOUVREFE
- ENSEKIRITE
- MANK/MAL PLANIFIKASYON
- TEREN ENPRATIKAB/KATASTWÒF NATIRÈL
- ENPREVIMAJÈ

**LÒD LETA/KOUVREFE :** (Romen 13 : 1-2) okenn aktive PEEB pa dwe planifye oubyen pèsiste nan dezobeyisans a lòd otorite ki lejitim yo. Otomatikman yon rèsponsab aktivite okouran de yon lòd leta ki konsène li, rèsponsab sa dwe chanje tout aktivite ki te an planifikasyon oubyen anile tout aktivite k'ap vyole lòd leta bay la. Rèsponsab ki konsène a dwe kontakte antèt yo selon yerachi a epi Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl ki konsène a dwe finalman apwouve chanjman oubyen anilasyon sa anvan li vin ofisyèl. Rèsponsab la pa ka anile aktivite sa pou kont li nan ka sa, eksèpte si lòd la bay nan menm moman ke li antre an aplikasyon an.

**ENSEKIRITE/DERAPAJ :** nan ka ensekirite, rèsponsab la gen otorite pou anile yon aktivite, sekirize oubyen ranvwaye moun ki sou plas yo, enfòmè tout moun ki konsène pou yo pa pwoche paske yo ka nan wout pou yo anreta. Rèsponsab yo ka fè sa imedyatman si yo twouve sa nesèsè epi enfòmè antèt yo aprè.

**MANK/MAL PLANIFIKASYON :** nan ka mank planifikasyon oubyen mal planifikasyon, rèsponsab la dwe anile aktivite a epi aksèpte blam pou echèk aktivite a olye de fè moun yo soufwè yon fason ki pa te nesèsè. Yon rèsponsab pa dwe kontinye reyalizasyon yon aktivite nan kondisyon ki pa imen oubyen ki pa rezonab jis paske li pa vle admèt ke mank planifikasyon li lakòz echèk aktivite a amwenske se moun yo menm ki vle kontinye volontèman. Rèsponsab la dwe anile aktivite a epi imedyatman enfòmè antèt li yo konsènan rezon ki lakòz aktivite sa echwe ak desizyon


ki pran pou anpeche sa repete. Antèt yo dwe reprimande rèsponsab sa epi pran desizyon ki apwopriye a gravite sitiyasyon an.

**NB**: nan ka ke moun yo menm t'a vle kontinye aktivite a malgre li te klèman mal planifye, moun ki vle abandone dwe libere san okenn konsekans pou sa.

**TEREN ENPRATIKAB / KATASTWÒF NATIRÈL**: nan ka kote reyalizasyon yon aktivite trè difisil oubyen menm enposib akòz sikilasyon nan lari a bloke ak fatra oubyen machin/moto yo pa vwayaje oubyen gen inondasyon nan zòn lan oubyen gen gwo lapli ak van ki tèrib, etc., rèsponsab la dwe anile aktivite a imedyatman epi fè moun ki konsène yo konnen anilasyon an pou evite kòve paske yo ka nan wout, anfen enfòmè antèt yo konsènan anilasyon an avèk rezon li.

**ENPREVI MAJÈ**: sa yo se tout difikilte ki prezante sanzatan epi ki rann reyalizasyon aktivite a enposib menm. Nan ka sa yo, rèsponsab yo dwe ajì tankou nan ka mank planifikasyon an. Sèlman, antèt yo pa dwe blame yo paske se pa fèt yo.

**NB**: lapli kote yon moun ka toujou itilize parapli, oubyen prezans minim nan yon aktivite, oubyen lòt rankont/aktivite ki tonbe nan menm lè a, pa dwe janm itilize kòm jistifikasyon pou anile yon aktivite PEEB. Aktivite a dwe pouswiv epi apèl dwe fèt. Disip ki konsène men ki pa prezante oubyen ki prezante anreta nan yon aktivite dwe jisteman make absan oubyen reta pou aktivite sa amwenske moun sa te agreye yon motivasyon alavans.



Fr. Calebe Davilmar  
**Kòdonatè Jeneral**